दिन–गुरूवार दिनांक–12.03.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कहलनि अछि जे अगिला पांच साल मे प्रतिव्यक्ति आय दुगूणा भऽ जायत। श्री कुमार आइ पूर्णियां मे समृद्धि यात्राक क्रम मे जनसंवाद के संबोधित कऽ रहल छलाह। ओ कहलनि जे अगिला पांच वर्ष मे राज्य मे एक करोड़ लोक के रोजगार आ नोकरी देल जायत। कटिहार मे आयोजित जनसंवाद मे मुख्यमंत्री कहलनि जे एनडीएक कार्यकाल मे प्रदेश मे विकासक काज मे गति आयल। ओ कहलनि जे राज्य मे विकास काज लेल केन्द्र सरकार सँ पूरा सहयोग प्राप्त भऽ रहल अछि। हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे मुख्यमंत्री पूर्णियां मे चारि सय पचासी करोड़ टाकाक लागतिवला बानवे विकास परियोजनाक उद्‌घाटन आ शिलान्यास कयलनि। ओतहि, कटिहार जिला मे ओ चारि सय दस करोड़ टाकाक लागतिवला चारि सय तैंतालीस विकास योजनाक उद्‌घाटन आ कार्यारंभ कयलनि। श्री कुमार दुनू जिला मे चलि रहल विकास योजनाक प्रगतिक समीक्षा सेहो कयलनि।

---

राज्यसरकार कहलक अछि जे राज्य मे एलपीजीक सामान्य आपूर्ति चक्र पूर्णरूपेण सुरक्षित अछि आ बुकिंगक बाद औसतन दू सँ तीन दिनक भीतर सिलेंडर पहुंचाओल जा रहल अछि। सभ गैस कंपनी आ विरतक लऽग पर्याप्त मात्रा मे एलपीजी उपलब्ध अछि। एहि मध्य उद्योग मंत्री दिलीप जायसवाल कहलनि अछि जे केन्द्र सरकारक प्रयास सँ भानसक गैस केर उत्पादन बढ़ल अछि। ओ लोक सभ सँ अफवाह सँ दूर रहबाक अपील कयलनि। एम्हर, मधुबनी जिलाक झंझारपुर लऽग परसाधाम मे आयोजित मार्त्तण्ड समारोह मे एलपीजीक तीनू प्रमुख कंपनीक प्रबंधक लोकनि आश्वासन देलनि जे जिला मे गैसक कमी नहि अछि। ओम्हर, पटनाक जिलाधिकारी डॉक्टर त्यागराजनक एसएम जिला मे गैसक सुचारू आपूर्ति आ वितरण सुनिश्चित करबाक लेल एक हेल्पलाईन नंबर जारी कयलनि अछि। उपभोक्ता कोनो प्रकारक जनतब अथवा शिकायत लेल दूरभाष संख्या–शून्य छओ एक दू– दू दू एक नओ आठ एक शून्य पर संपर्क कऽ सकैत छथि।

---

उपमुख्यमंत्री सह खान आ भूतत्व विभागक मंत्री विजय कुमार सिन्हा कहलनि अछि जे विभागीय राजस्व मे उल्लेखनीय वृद्धि भेल अछि। पहिने खनन विभाग सँ राज्य सरकार के सोलह सय करोड़क राजस्व प्राप्त होइत छल, जे आब बढ़ि कऽ करीब पैंतीस सय करोड़ भऽ गेल। ओ कहलनि जे अवैध खनन आ बालू माफिया पर कड़गर कार्रवाई कयल जा रहल अछि। अवैध खननक जनतब देबयवला एकहत्तरि बिहार खनन योद्धाक के सम्मानित सेहो कयल गेल अछि।

———————————————————————

कृषि मंत्री रामकृपाल यादव आइ पटनाक गांधी मैदान मे राज्यस्तरीय कृषि यांत्रिकी मेलाक शुभारंभ कयलनि। एहि अवसर पर श्री यादव कहलनि जे सरकार कृषिक बदला तकनीकक संग किसान के जोड़बाक लेल प्रतिबद्ध अछि। चारि दिवसीय कृषि यांत्रिकी मेला मे किसान लोकनि के नव तकनीक आ कृषि यंत्रक उपयोग करबाक जनतब देल जा रहल अछि।

———————————————————————

बिहारक नव नियुक्त राज्यपाल लेफ्टिनेंट जनरल सैयद अता हसनैन चौदह मार्च के शपथ लेताह। पटना उच्च न्यायालयक मुख्य न्यायाधीश न्यायमूर्ति संगम कुमार साहू हिनका पद आ गोपनीयताक शपथ दियौताह। एम्हर, श्री हसनैन के आइ पटना पहुंचला पर गार्ड ऑफ ऑनर दऽकऽ सम्मानित कयल गेल। एहि अवसर पर विधानसभा अध्यक्ष प्रेम कुमार समेत राज्य मंत्रिमंडलक कतेको सदस्य आ आनो गणमान्य लोक उपस्थित छलाह।

———————————————————————

दरभंगाक माधवेश्वर परिसरक दक्षिण—पूर्व भाग मे निर्मित महाराजाधिराज डॉक्टर सर कामेश्वर सिंह स्मृति द्वारक उद्‌घाटन भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष सह नगर विधायक संजय सरावगी कयलनि। एहि द्वार सँ दरभंगाक लक्ष्मीसागर मोहल्ला समेत आनो मोहल्लावासी के सुविधा होयत।

———————————————————————

गोपालगंज जिलाक भोरे प्रखंडक रामनगर निवासी दिव्यांग छात्रा सोनी कुमारीक वीडियो सोशल मीडिया पर वायरल हेबाक बाद अलीनगर विधायक मैथिली ठाकुर आ फिल्म अभिनेता सोनू सूद मददि लेल हाथ बढ़ौलनि अछि। ओम्हर, गोपालगंज जिला प्रशासन सेहो सोनी कुमारी के ट्राई—साईकिल आ पाठ्‌य सामग्री उपलब्ध करौलक।

———————————————————————————

मौसम विभाग आइ सुपौल, अररिया, पूर्णियां आ मधुबनी समेत प्रदेशक उत्तर–पूर्व तथा उत्तर–मध्य क्षेत्र मे कतेको ठाम आंशिक बरखा हेबाक संभावना व्यक्त कयलक अछि। एहि क्रम मे कतहु–कतहु तेज हवाक संग मेघगर्जन आ ठनका खसबाक चेतवानी सेहो जारी कयल गेल अछि। पछिला चौबीस घंटा मे प्रदेशक उत्तर तथा दक्षिण–मध्य क्षेत्र मे किछु स्थान पर आंशिक बरखा दर्ज कयल गेल।

———————————————————————————

समाप्त